



Pou Piblikasyon Imedya: 01/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**KOPREZIDAN KOMISYON REDI A YO PIBLIYE YON LÈT YO VOYE BAY  
MINISIPALITE LAK ONTARIO A YO POU BAY MIZAJOU SOU PWOGRÈ YO**

***Komisyon an Ap Diminye Kontribisyon Lokal la de 15 a 5 Pousan pou Tout Pwojè  
Ki Kalifye yo***

Jodi a, koprezidan komisyon Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik lan yo (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI), Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC) Basil Seggos, ak Komisè Pwovizwa ESD lan, Eric Gertler, te pibliye yon lèt yo voye bay minisipalite Lak Ontario a yo pou bay mizajou sou pwogrè ki fèt nan kad pwosesis planifikasyon kominotè Lak Ontario a.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

1ye Oktòb

Chè Minisipalite/ Benefisyè REDI yo:

Avèk premye konsiltasyon piblik faz Inisyativ Rejyonal pou Devlopman Ekonomik lan (Regional Economic Development Initiative, REDI) ki fini, nou kontan pou nou ofri nou yon mizajou enpòtan.

Premyèman, nou vle di ou mèsi pou angajman ou ak sipò pou pwosesis sa a ki enplike plizyè douzèn reyinyon ak dè santèn de moun atravè uit (8) konte ak senk (5) rejyon yo. Se poutèt angajman ou ak sipò ou ke nou te kapab idantifye pwojè ki pral adrese kapasite imedya ak alontèm nan kominote rezistan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence epi idantifye enkyetid yo pou amelyore pwogram lan.

Kòm ou konnen, pwogram REDI a, ak 300 milyon dola yo bay pou efò sa a, te konsantre sou rezistans ak dirabilite etan done defi kontinyèl anviwònman an. Le 7 Out, 2019 nou te anonse nou t ap rezève jiska 20 milyon dola nan 300 milyon dola yo pou agrandi Pwogram Reparasyon Lojman Rezidansyèl (Residential Home Repair Program) Depatman Lojman ak Renouvèlman Kominote nou an (Department of Housing and Community Renewal). Anplis de sa, nou anonse n ap bay chak nan uit (8) konte yo jiska 15 milyon dola pou pwojè ki kalifye yo pa konte ak finansman adisyonèl jiska 160 milyon dola ototal pou pwojè rezistans ak devlopman ekonomik enpòtan ki sou yon pi gran echèl onivo rejyonal.

Kòm patisipasyon ak responsablite patnè gouvènman lokal nou yo esansyèl pou ede detèmine objektif piblik yon ak bezwen priyorite yon pwojè, nou te pwopoze orijinalman yon korespondans a 15 pousan gouvènman lokal oswa konte a pou prim pwojè

minisipal nou yo. Pandan tout pwosesis sa a nou tande enkyetid konsènan kontribisyon lokal 15 pousan an. An repons a enkyetid finansye yo ekspriye yo, Komisyon an te deside pou diminye kontribisyon lokal la egzakteman menm jan de 15 pousan a 5 pousan pou tout pwojè kalifye. Patisipasyon lokal la esansyèl kòm li asire bòn fwa priyorite ak efikasite gouvènman an.

Dezyèmman, pandan ke konsantrasyon travay REDI a te toujou sou investi nan rezistans enfrastrikti minisipal yo, nou te tande de anpil kominote sou valè biznis prive, espesyalman marina yo, pou ekonomi lokal yo. Nan rekonèt valè sa a, nou te deside asiyen 30 milyon dola nan 160 milyon dola a nan anvè pwojè biznis prive ki konsantre sou rezistans. Pwogram REDI apral kontribiye jiska 50 pousan nan pri total nan pwojè rezistans prive limite a 200,000 dola ak yon korespondans lokal yo atann pral 5 pousan nan kontribisyon eta a.

Finalman, nou te tande tou enkyetid nan men pwopriyetè dezyèm kay ki gen domaj pwopriyete. Pandan ke pwogram lan pral bay priyorite a pwopriyetè kay prensipal yo nan pwogram rezidansyèl la, n ap finanse reklamasyon pwopriyetè kay segondè yo nan limit lajan yo disponib yon fwa bezwen kay prensipal yo adrese.

Travay ansanm nou kwè apwòch sa a ap adrese pi gwo pwoblèm ki atire atansyon nou yo. Evidamman, sa a se yon sitiyasyon difisil pou tout moun ki enplike men nou sou wout nou yo fè vrè pwogrè.

Onon Komisyon REDI a, nou rekonesan anpil pou patisipasyon ekstraòdinè kominote Lak Ontario a yo ak Rivyè St. Lawrence lan yo epi nou paka tann pou anonse prim yo byento.

Sensèman,

Komisè Basil Seggos

Komisè Pwovizwa Eric Gertler

Koprezidan Komisyon REDI a yo

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)